# BMShnin’ «Aral ten’izi apatshi’li’g’i’nan ja’birlengen xali’qti’n’ abadanshi’li’g’i’n artti’ri’w» birliktegi bag’darlamasi’ haqqi’nda mag’li’wmat

Aral ten’izi Worayli’q Aziyani’n’ wortasi’nda jaylasqan boli’p, buri’n ko’lemi jag’i’nan du’nya ju’zi boyi’nsha yen’ u’lken to’rtinshi ko’l boli’p yesaplang’an. Ha’zirgi payi’tta woni’n’ suwi’ sayi’zlani’p, buri’ng’i’ ko’leminin’ 30%i’n g’ana quraydi’. Bunday ekologiyali’q wo’zgerisler aymaqti’n’ ekonomikali’q ha’m socialli’q salasi’ni’n’ wo’siwine ha’m xali’qti’n’ abadanshi’li’g’i’na unamsi’z ta’sirin tiygizedi. BMSh Bas Sekretari’ mi’rza Pan Gi Mun 2010-ji’ldi’n’ aprel ayi’ndag’i’ Aral ten’izi aymag’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’na bolg’an wo’z xi’zmet sapari’ waqti’nda bul dag’dari’sti’n’ usi’ aymaqta jasawshi’ xali’qti’n’ abadanshi’li’g’i’na unamsi’z ta’sirin atap wo’tti. Mi’rza Pan Gi Mun bul mashqalani’ «jer ju’zindegi yen’ jaman apatshi’li’qlardi’n’ biri» dep su’wretlegen yedi. Aymaqtag’i’ mashqalalardi’n’ kelip shi’g’i’wi’ni’n’ ha’r qi’yli’ sebeplerin yesapqa alg’an halda, xali’qti’n’ abadanshi’li’g’i’n artti’ri’wg’a bag’darlang’an BMShnin’ Birliktegi Bag’darlamasi’n ashi’w haqqi’nda sheshim qabi’llandi’. Bag’darlamani’ Wo’zbekstan Respublikasi’nda jumi’s ali’p bari’p ati’rg’an BMShnin’ to’mende atap wo’tilgen 5 agentliktin’ birliktegi qatnasi’nda a’melge asi’ri’wg’a kelisildi: BMSh Rawajlandi’ri’w Bag’darlamasi’ (BMShRB), BMSh bilimlendiriw, ilim ha’m ma’deniyat isleri agentligi (YuNESKO), Du’nyaju’zilik densawli’qti’ saqlaw sho’lkemi (DDSJ), BMSh xali’qti’n’ wo’simi ma’seleleri boyi’nsha qori’ (YuNFPA) ha’m BMSh I’qti’yarli’lar Bag’darlamasi’ (BMShI’B).   Birliktegi bag’darlama Wo’zbekstan Respublikasi’ Ekonomika Ministrligi ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi menen ti’g’i’z baylani’sta a’melge asi’ri’ladi’. **Insan qa’wipsizligin ta’miyinlew koncepciyasi’:** BMShnin’ birliktegi bag’darlamasi’  Qaraqalpaqstanni’n’ yen’ ja’rdemge mu’ta’j 3 rayoni’nda, atap aytqanda Moynaq, Qanli’ko’l ha’m Shomanay rayonlari’nda jasawshi’ 130,000 nan aslam xali’qti’n’ abadanshi’li’g’i’n artti’ri’wdi’ ta’miyinlewge qarati’lg’an. Insan qa’wipsizligi boyi’nsha BMShnin’ arnawli’ Qori’na (UNTFHS) muwapi’q, insan qa’wipsizligin ta’miyinlew koncepciyasi’  degende na’tiyjeli basqari’w usi’llari’n yengiziw, ekonomikali’q jag’daydi’ jaqsi’law, bilimlendiriw ha’m densawli’qti’ saqlaw sistemasi’n jetilistiriw, sonday-aq qorshag’an wortali’qti’ qorg’aw na’zerde tuti’ladi’. Bul koncepciyani’ yen jaydi’ri’w maqsetinde UNTFHS ta’repinen birliktegi bag’darlamag’a 3.8 mln AQSh dollari’ mug’dari’nda qarji’ aji’rati’ldi’. **Bag’darlama maqsetleri: 1 Ekonomikali’q abadanshi’li’qti’ artti’ri’w**:

- Bag’darlama jumi’s ali’p baratug’i’n 3 rayondag’i’ fermerlerdin’ 30% arasi’nda awi’l xojali’g’i’ ha’m sharwashi’li’q tarawi’ndag’i’ aldi’n’g’i’ a’meliy ta’jiriybelerdi paydalani’w, sonday-aq awi’lxojali’q daqi’llari’ ha’m terek na’llerinin’ jan’a tu’rlerin wo’siriwdi jetilistiriw ha’m yen jaydi’ri’w;
- Turizm tarawi’n turaqli’ rawajlandi’ri’w;
- O’nermentlik wo’ndiristi qollap-quwatlaw ha’m xali’qti’n’ ja’rdemge mu’ta’j qatlami’ni’n’, sonday-aq hayallardi’n’ ha’m mu’mkinshiligi sheklengen insanlardi’n’ isbilermenlik salasi’ndag’i’ ko’nlikpelerin jetilistiriw.

**2  Densawli’qti’ saqlaw sistemasi’n jetilistiriw:**

- Reproduktiv salamatli’q, shan’araqti’ jobalasti’ri’w ha’m wo’kpe salamatli’g’i’ ma’seleleri boyi’nsha birlemshi medicinali’q ma’kemeleri xi’zmetkerlerinin’ bilim ha’m ko’nlikpelerin artti’ri’w;
- Dem ali’w jollari’ kesellikleri ha’m basqa da juqpali’ kesellikler menen islesiw qa’nigeligin men’gergen 1500 aymaqli’q medicina xi’zmetkerlerinin’ ha’m i’qti’yarli’lardi’n’ kvalifikaciyasi’n asi’ri’w;
- Birlemshi buwi’ndag’i’ jergilikli medicinali’q ma’kemelerge ilimiy ha’m texnikali’q ja’rdem ko’rsetiw;
- Jaslardi’n’ reproduktiv salamatli’q ha’m JIJV/JIJS aldi’n ali’w ilajlari’ boyi’nsha duri’s mag’li’wmatlardan paydalani’w mu’mkinshiligin ken’eytiw.

**3   Jergilikli basqari’w uyi’mlari’ni’n’ potenciali’n ku’sheytiw ha’m socialli’q infrastrukturalardi’ jaqsi’law**:

- Socialli’q ha’m ekonomikali’q siyasatti’ jobalasti’ri’w ha’m islep shi’g’i’w bari’si’nda insan qa’wipsizligi kopcepciyasi’n qollani’wdi’ yengiziw;
- Regionalli’q mag’li’wmatlar bazasi’n jarati’w ha’m genderlik ko’rsetkishler boyi’nsha aji’rati’lg’an halda mag’li’wmatlardi’ ji’ynaw ha’m analizlew boyi’nsha jergilikli basqari’w uyi’mlari’ xi’zmetkerlerin qayta tayarlaw arqali’ uyi’mlardi’n’ basqari’w na’tiyjeliligin  artti’ri’w;

50 ma’ha’lle rawajlani’w jobasi’n islep shi’g’i’w ha’m a’melge asi’ri’w arqali’ xali’qti’n’ taza ishimlik suw ha’m qosi’msha elektr energiyasi’ dereklerine bolg’an talabi’n qanaatlandi’ri’w. **Bag’darlama sherikleri:**

**Bag’darlamani’ qarji’ menen ta’miyinlewshi sho’lkem:**

Tirishilik yetiwi ushi’n aman qali’wi’ qa’wip asti’nda bolg’an xali’qlardi’n’ huqi’qlari’n qorg’aw ha’m mu’mkinshiliklerin asi’ri’w arqali’ xali’qti’n’ abadanshi’li’g’i’n artti’ri’w tu’sinigin yen jaydi’ri’w maqsetinde 1999-ji’li’ BMShnin’  insan qa’wipsizligi boyi’nsha Trast Qori’ du’zildi. Qordi’n’ tiykarg’i’ maqseti jergilikli wori’nlarda a’meliy ilajlardi’ a’melge asi’ri’w arqali’ insan - qa’wipsizligin yengiziw ha’m tarqati’w bag’dari’nda jumi’s ali’p bari’wshi’ BMSh agentlikleri ha’m/yamasa BMSh agentligi bolmag’an ayi’ri’m sho’lkemlerdin’ jumi’slari’n qarji’ menen ta’miyinlewden ibarat. 1999-ji’ldan ha’zirgi ku’nge shekem Trast Qori’ ta’repinen 70ten aslam yellerdegi joybarlarg’a 350 mln AQSh dollari’nan arti’q qarji’ aji’rati’lg’an. www.ochaonline.un.org

**Qo`shma Dastur quyidagi tashkilot tomonidan amalga oshiriladi:**

Birlesken Milletler Sho’lkeminin’ Rawajlandi’ri’w Bag’darlamasi’ BMShnin’ rawajlani’w salasi’ndag’i’ global tarmag’i’ boli’p yesaplanadi’. Rawajlandi’ri’w Bag’darlamasi’ wo’zgerisler ta’repdari’ boli’p, ma’mleketlerge xali’qti’n’ turmi’s jag’dayi’n jaqsi’lawg’a bag’darlang’an bilim, ta’jiriybe ha’m resurslardi’ usi’nadi’. BMShRB 166 ma’mlekette jumi’s ali’p bari’p, wolarg’a jerju’zilik ha’m milliy basqi’shtag’i’ mashqalalardi’ wo’z betinshe sheshiwine ja’rdem beredi. www.undp.uz

YuNESKO – Birlesken Milletler Sho'lkeminin' bilimlendiriw, ilim ha'm ma'deniyat isleri boyi'nsha sho'lkemi boli'p, 1945-ji'ldi'n' 16-noyabr ku'ni du'zilgen. Sho'lkemnin' bas ken'sesi Parij (Franciya) qalasi'nda jaylasqan. BMShnin' arnawli' agentligi si'pati'nda YuNESKO ti'ni'shli'qti' saqlaw, turmi's ta'rizin jaqsi'law, turaqli' rawajlani'w ha'm bilimlendiriw, ilim, ma'deniyat, kommunikaciya ha'm mag'li'wmat beriw arqali' ma'deniyatlar arali'q sa'wbet wo'tkeriwge ja'rdem ko'rsetedi. Solay yetip, YuNESKO 193 ag'za ma'mlekettin' ha'm associaciyag'a birlesken 6 ag'za ma'mlekettin' xali'qarali'q kooperaciyasi' ha'm ha'r bir civilizaciyani'n' ha'm ma'deniyatti'n' uli'wma miyrasi'na ha'm ma'rtebesine  hu'rmet penen qatnas jasaw arqali' baylani'slar wornati'wda tikkeley ja'rdem beredi. www.tashkent.unesco.org

YuNFPA, Birlesken Milletler Sho'lkeminin' xali'qti'n' wo'simi ma'seleleri boyi'nsha Qori' – bul ji'ni'si'y ha'm reproduktiv salamatli'qti' saqlaw ha'm salamat balalardi'n' du'nyag'a keliwine yerisiw joli'nda hayal-qi'zlardi'n' ha'm jaslardi'n' mu'mkinshiligin artti'ri'w boyi'nsha jumi's ali'p bari'wshi' BMShnin' aldi'n'g'i' qatardag'i' agentligi boli'p yesaplanadi'. Bizler jergilikli xali'qti'n' turmi'si'n jaqsi'law maqsetinde 150den aslam yelde isleymiz.Biz haqi'yqi'y alg'a ilgerilewge yerisemiz, biraq alda isleniwi tiyis yele de ko'p na'rseler bar. YuNFPA – ha'r bir ha'mledarli'qti'n' shi'n kewilden ku'tilgen, ha'r bir tuwi'w qa'wipsiz bolatug'i'n ha'm ha'r bir jas wo'zinin' ku'sh-jigerin turmi'sta qollani'w mu'mkinshiligine iye bolg'an du'nyani' jarati'w joli'nda ha'reket yetedi. www.unfpa.uz

Du'nyaju'zilik Densawli'qti' saqlaw sho'lkemi (DDSSh) 1948-ji'li' du'zilgen boli'p, BMShnin' densawli'qti' saqlaw tarawi' boyi'nsha arnawli' qa'niygelesken agentligi boli'p tabi'ladi'. DDSShnin' Wo'zbekstandag'i' wa'kilxanasi' ma'mlekettin' uli'wma rawajlani'w maqseti – ha'mmenin' salamatli'g'i'na yerisiw joli'nda a'hmiyetli wori'n tutadi'. http://www.who.int/countries/uzb/en/

BMSh I'qti'yarli'lar bag'darlamasi' (YuNV) – bul BMSh sho'lkemi boli'p, i'qti'yarli'lar ja'rdeminde jer betinde ti'ni'shli'q wornati'w tu'sinigi boyi'nsha jumi's ali'p baradi'. Bul rawajlani'w mashqalalari'n sheshiwge adamlardi' tarti'wdi'n' yen' qu'diretli joli' boli'p, rawajlani'w tezligin ha'm na'tiyjeliligin artti'radi'

Qosi'msha mag'li'wmatlar ushi'n to'mendegi ma'nzilge xabarlasi'wi'n'i'zdi' soranami'z: Tashkent qalasi'ndag'i' ken'semizge: **Dildora Tadjibaeva** Birliktegi bag'darlama koordinatori' El. pochta: dildora.tadjibaeva@undp.org **Zakiya Abdurazakova** Ja'miyetlik baylani'slar boyi'nsha qa'nige El. pochta: zakiya.abdurazakova@undp.org 100000, Wo'zbekstan Respublikasi', Ya. Gulyamov ko'shesi, 1-jay, Tashkent qalasi', Tel: (+998 71) 232 20 91, (+998 71) 232 20 92 Elektron pochta: zakiya.abdurazakova@undp.org No'kis qalasi'ndag'i' ken'semizge: **Mustafa Abdraxmanov** Birliktegi bag'darlama menedjeri El. pochta: mustafa.abdrakhmanov@undp.org Qaraqalpaqstan Respublikasi', No'kis qalasi', Yernazar Alako'z ko'shesi, 56-jay Tel: (+998 61) 224-13-81, Faks: (+998 61) 224-16-35 "Like" knopkasi'n basi'p, bizin' internet tarmag'i'ndag'i' Facebook ja'ma'a'timizge ag'za boli'n': http://www.facebook.com/UNAralSeaProgramme yamasa Twitter arqali' @UNAralSea bag'darlama haqqi'nda son'g'i' jan'ali'qlardan xabardar boli'n':  http://undp.akvoapp.org/en/project/525/

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*